

# Konnen Dwa Ou Pou Yo Pa Mete Ou Deyò Ilegalman!



## LOKATÈ

Sèl fason ke yon pwopriyete kapab mete yon lokatè deyò se si li ale nan tribinal, li genyen pwosè a, epi mande yon fonksyonè tribinal la vini fèmen pòt la sou lokatè a. Pou kounyeya, leta pase yon moratwa, sa vle di leta mande fè yon sispann mete lokatè yo deyò, e pa menm yon fonksyonè tribinal la kapab fèmen yon lokatè deyò eksepte si yon jij ta detèmine ke li nan enterè lajistis “*in the interest of justice.*”

Li illegal pou pwopriyete a fè bagay sa yo pou eseye fòse ou kite apatman an:

- Chanje kle pòt la;
- Fèmen oubyen dekonekte sèvis piblik yo;
- Mete afè ou deyò nan lari a; oubyen
- Sèvi ak nenpòt mwayen pou fòse ou soti eksepte si mwayen sa yo an akò ak pwosedi legal delojman yo.
- Pwopriyete a dwe respekte lwa sa, kit ou gen papye kit ou pa gen papye

Si yon pwopriyete ta eseye mete ou deyò, rele lapolis. Si sa pa solisyon pwoblèm nan imedyatman, ou gen dwa kouri al nan tribinal la pou mande yon lòd an ijans *emergency order*. Fòm yo disponib pou jwenn nan: [www.njcourts.gov/forms/10916\\_rtn\\_prop.pdf](http://www.njcourts.gov/forms/10916_rtn_prop.pdf).

Ou kab prezante fòm yo pa entènèt nan sit wèb tribinal la ki rele, Judiciary Electronic Document Submission (JEDS), [www.njcourts.gov/selfhelp/jeds.html](http://www.njcourts.gov/selfhelp/jeds.html), oubyen tou, ou kab al depoze yo nan tribinal ki nan lokalite kote ou abite a, [www.njcourts.gov/courts/index.html?lang=eng](http://www.njcourts.gov/courts/index.html?lang=eng). Li posib tou pou yon avoka Legal Services ede ou ak sa.

## REZIDAN AK MOUN KI RETE NAN OTÈL/MOTÈL YO

Pou deloje rezidan otèl ak motèl yo, fòk se devan tribinal pou rele yo, si yo kapab pwouve ke yo gen lontan depi se la yo te toujou abite, e ke yo pa gen yon lòt kay kote pou yo retounen al abite. Chèche jwenn konsèy legal si ou abite nan yon otèl oubyen motèl, e pwopriyete a vle fèmen pòt la sou ou san li pa gen lòd tribinal la nan men li.

## CHÈCHE JWENN ÈD!

Rele nan liy telefonik LSNJLAWSM la ki se 1-888-LSNJ-LAW (1-888-576-5529), aplike sou entènèt nan <https://lsnjlawhotline.org>, oubyen kontakte pwogram Legal Services ki nan rejyon kote ou abite a.

### Legal Services of Northwest Jersey

Hunterdon (908) 782-7979

Morris (973) 285-6911

Somerset (908) 231-0840

Sussex (973) 383-7400

Warren (908) 475-2010

### Central Jersey Legal Services

Mercer (609) 695-6249

Middlesex (732) 249-7600

Union (908) 354-4340

### Essex-Newark Legal Services

(973) 624-4500

### Northeast New Jersey

#### Legal Services

Bergen (201) 487-2166

Hudson (201) 792-6363

Passaic (973) 523-2900

### South Jersey Legal Services

(800)-496-4570

Atlantic, Burlington, Camden,

Cape May, Cumberland,

Gloucester, Ocean, Monmouth,

Salem

*Sèvis sa yo gratis. Men, fòk mwayen ekonomik aplikan an piti dekwa pou li kab kalifye.*